

Ki sa n ap fè?

Nou fè fòmasyon pou anseyan ayisyen nan tout nivo kit se segondè oswa inivèsité. Fòmasyon sa yo chita sou 3 wòch dife ki se : Aprantisaj entèaktif - Lang kreyòl -Teknoloji.

Aprantisaj entèaktif. Se lè etidyan an oswa élèv la ap konsti pwòp konesans li, l ap dekouvi konesans yo pou kont li. Anseyan an la tankou yon gid. Nan konbit la nou devlope yon pakèt aktivite anseyan ka fè nan klas la. Nou bay anseyan yo metòd, pedagoji ak zouti pou yo rive tou kreye pwòp aktivite pa yo. Fòmasyon nou bay yo mete anpil aksan sou preparasyon **objektif chak seyans** anseyan an gen pou li fè. Chak objektif dwe byen mache ak yon aktivite, yon egzèsis. Fòmasyon nou yo chita tou sou evalyasyon. Kouman yon pwofesè dwe evalye etidyan, élèv li yo san li pa fè yo abi.

Lang kreyòl

"Si m ap ekri an franse, ki se lang peyi mwen, nan plas laten ki se lang pwofesè mwen yo, se paske mwen vle pou moun k ap li liv sa a sèvi ak Bon Sans yo sèlman pou yo rive konprann sa m ap esplike a. Moun sa yo ap rive analize metòd syantifik mwen yo pi byen pase moun ki sèlman kwè nan liv demode ki ekri an laten.

"Diskou sou metòd pou nou byen rezone epi chache verite nan lasyans". René Descartes 1637

Li klè pou nou lang yon moun aprann pi byen se lang matènèl li, sa vle di lang l ap tandé depi li nan vant, lang tout anviwonman li pale. Ann Ayiti lang sa a rele lang kreyòl. Se li tout pwofesè, tout élèv, tout etidyan metrise pi byen. Kidonk, nan Konbit la nou fè pwomosyon pou lang kreyòl nan ansèyman. Nan ti depliyan sa a w ap jwenn plis agiman ki devlope sou zafè lang kreyòl ak aprantisaj.

Teknoloji/teknoloji 2.0 Nan konbit la, lè n ap pale de teknoloji, nou pa sèlman wè zouti nimerik; men, nou pito wè yon melanj ant zouti nimerik ak lòt zouti ki disponib menm lè òdinatè ak elektrisite pa disponib. Nan sans sa a, aktivite n ap envante kote n ap sèvi ak papye, kreyon, dlo, kèps, resò, elatriye (pou travo praktik nan fizik ak chimi, pa egzanp), nou ka considere yo tankou teknoloji tou. Men, nou itilize zouti nimerik yo tou (« teknoloji 2.0 ») tankou lojisyèl ki devlope nan MIT ak lòt inivèsite ki nan mond lan. Nan fòmasyon nou òganize yo, nou aprann pwofesè yo itilize zouti nimerik sa yo e nou ba yo zouti sa yo sou kle USB pou ya ka itilize yo nan klas pa yo.

Men kék lojisyel nou konn itilize nan ansèyman

StarBiochem, ki pèmèt ou wè molekil yo an 3D, epi rezoud pwoblèm biyolojik sou li.

StarGenetics, ki se yon laboratwa jenetik vityèl.

Mathlets, ki ede trase koub epi rezoud pwoblèm matematik.

GeoGebra, pou rezoud pwoblèm jeyometri.

PhET, ki se laboratwa vityèl pou pratike divès disiplin nan syans.




Konbit MIT-Ayiti

Telefòn nou se : 509 38997968
509 37766081



konbit-mit-ayiti@mit.edu
<http://haiti.mit.edu/ht/ekip/>



Yon ansèyman tèt an WO pou yon peyi tèt an WO



- **Ki sa nou ye ?**
- **Ki kote nou soti ?**
- **Ki sa n ap fè ?**
- **Ki objektif nou ?**

Si ou vle kontakte nou

Telefòn nou se : 509 38997968

509 37766081

Imel nou se : konbit-mit-ayiti@mit.edu
<http://haiti.mit.edu/ht/ekip/>

« Konbit MIT-Ayiti » : Yon nesesite pou edikasyon ann Ayiti

Konbit MIT-Ayiti : Yon nesesite !

Onè ! Nou se **Konbit MIT-Ayiti** !

Se yon gwoup ki kreye nan « Massachusetts Institute of Technology, MIT » nan mwa sektanm 2015 gras ak 6 pwofesè Ayisyen aprè yo te fin swiv yon pakèt fòmasyon sou :

- pwodiksyon materyèl didaktik-teknolojik an kreyòl,
- aprantisaj entèaktif pou ansèyman matematik, fizik, biyoloji epi chimi.

Se **Inisyativ MIT-Ayiti** ki te òganize fòmasyon sa yo. Se pwofesè Michel DeGraff ak Dr. Vijay Kumar k ap dirige Inisyativ MIT-Ayiti depi 2010. Inisyativ la kòmanse fòmasyon ann Ayiti sòti depi mas 2012 nan Otèl Le Plaza, Pòtoprens. Dénye fòmasyon yo fèt sou kanpis Henry Christophe nan Limonade, UEH (Université d'Etat d'Haiti). Se atelye sa yo plis yon atelye pefeksyonnan ki te fèt nan MIT ki te fè nou wè nesesite pou tout pwofesè ak pwofesèz peyi d Ayiti ta gen mwayen pou itilize metòd sa yo (pedagoji entèaktif, lang matènèl, teknoloji nimerik, ak lòt bon jan materyèl edikatif) nan ansèyman. Se kon sa nou te pran angajman pou nou ale fòme lòt pwofesè, pwofesèz. E se sa nou ap fè depi sektanm 2015. Objektif **Konbit MIT-Ayiti** se pataje eksperyans nou nan òganize nan tout peyi a seminè fòmasyon pou konfrè ak kòlèg nou yo pandan n ap montre enpotans pou itilize lang kreyòl nan ansèyman.

Lis seminè nou fè

- 23 fevriye 2013 Seminè nan ENS (Ecole Normale Supérieure, Pòtoprens, Ayiti) pou pwofesè ki gen pase 5 lanne depi y ap fè kou biyoloji. (òganize ak konkou Roubens Duvilaire)
- 31 oktòb 2015 Seminè nan lekòl Saint Rose de Lima (Pòtoprens, Ayiti) pou pwofesè nan rezo CHR (Conférence Haïtienne des Religieux)
- 30 janvye 2016 Seminè nan CFEF (Centre de Formation pour l'École Fondamentale)
- 19-21 fevriye 2016 Seminè nan Lekòl Kominotè Matènwa (Lagonav)
- 17 Sèktanm 2016 Seminè nan Lekòl Saint Charles ki nan Lilavois 48, Bon repos, Ayiti.

Pedagoji entèaktif se lè elèv yo ak etidyan yo ap konstwi pwòp konesans yo ak èd anseyan yo. Rechèch ki fèt sou pedagoji sa a montre ki jan, lè etidyan yo sèvi ak lang matènèl ansanm ak zouti teknolojik ki nan lang matènèl

la tou, klas la vin pi anime, aprantisaj la vin pi pwofonde epi timoun yo konprann pi byen. Se pou sa Konbit MIT-Ayiti sèvi ak zouti nimerik ki pèmèt etidyan yo egzamine pwoteinyen an 3-D, oswa trase koub matematik oswa fè eksperyans chimi, fizik, jenetik, elatriye.

Pou sa ki konsène lang matènèl nan ansèyman, rechèch yo montre lè elèv yo ak etidyan yo aprann nan lang matènèl yo, sa pèmèt yo fè refleksyon ki pi djanm e ki gen nanm. E sa ede yo devlope konsèp ak lide ki pi solid. Yon lòt pa, Konstitisyon 1987 la di kreyòl se sèl lang ki simante tout Ayisyen. Se sèl lang tout Ayisyen ann Ayiti pale kou rat. Anseye nan lang nou metrize pi byen fè tout moun nan klas la, elèv tankou pwofesè, pi alèz pou brase lide, pataje konesans, esplike sa yo konprann oswa sa yo pa konprann san pwoblèm.

Lè nou sèvi ak lang matènèl nou ansanm ak bon jan pedagoji ki chita sou bon jan zouti tankou zouti nimerik modèn ki sòti nan MIT ak lòt inivèsite ki nan mond lan, sa bay etidyan yo, elèv yo fondasyon ke yo bezwen pou yo byen aprann tout lòt matyè: syans, matematik, epi lòt lang tankou franse, angle, panyòl, elatriye. Avèk bon jan fondasyon akademik sa yo, etidyan yo ak elèv yo ap ka genyen yon nivo konesans djanm pou yo vin pwofesyonèl ak teknisyen ki kreyatif, e ki ka ede peyi a gen bon jan kwasans ekonomik. Pandan n ap sèvi ak kreyòl nan domèn lasyans ak matematik ki avanse, nou tou pwofite pou nou devlope envantè mo syantifik ki pa te ko sèvi nan lang lan. Ki fè, n ap devlope bon jan vokabiliè syantifik ki pou sèvi nan lang lan. E se la nou wè ki jan lang lan se tankou yon bibit : plis n ap travay ak li, se plis l ap vin pi gwo nèg, e se plis l ap ede anseyan ak etiyan vin pi maton !

Lekòl pa ede elèv, etidyan nou yo reflechi sou reyalite peyi a pou yo rive transfòme l. Rechèch modèn nan zafè edikasyon montre nou menm ann Ayiti nou ka fè dekabès si nou sèvi ak lang matènèl nou ansanm ak teknoloji nimerik. De (2) zouti sa yo se kle pou amelyore kalite edikasyon ann Ayiti. Se menm kalite dekabès sa a nou wè nan peyi devlope.

Se pou sa se an kreyòl sèlman nou ka reyalize aprantisaj aktif pou tout timoun ann Ayiti san diskriminasyon, yon edikasyon ki san baryè. Tout zouti ak resous nimerik nan Konbit MIT-Ayiti a an kreyòl, pou yo ka rele anseyan ak etidyan « chè mèt, chè metrè ». Se poutèt sa tou nouvèl apwòch nou nan konbit la ap pwopoze pou ansèyman ann Ayiti chita sou 3 wòch dife sa yo:

Aprantisaj entèaktif — Lang kreyòl — Teknoloji

Ayiti ap fè fas kare ak yon latriye pwoblèm ki gen rasin yo depi sou tan lakoloni. Chak moun dwe pote kole nan domèn yo gen konesans ladan, nou dwe fè **Konbit** nan tout domèn pou nou derasine pwoblèm ki la depi dikdantan. Peysi a gen anpil posibiliti pou devlope tèt li si nou byen itilize resous li.

Objektif nou :

- Kreye yon nwayo pwofesè wo nivo ki ka manipile fasil materyèl teknolojik, lojisyèl ki pou ansèyman matematik, fizik, biyoloji ak chimi.
- Mete pwofesè yo a jou sou sa k ap fèt nan nouvèl fason yo anseye.
- Fè pwomosyon pou lang kreyòl nan ansèyman matematik, fizik, chimi, biyoloji, jenetik epi nan tout nivo segondè ak inivèsite.

